

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Sèvis Entèprtèt



Esi mwen bezwen yon entèprtèt?

N ap ba ou yon entèprtèt, gratis:

- ▼ si w fè demann asistans pou lang; oswa
- ▼ lè nou remake asistans lan nesesè pou asire anyen pa fèt kont enterè ou.

Ou pa oblige bay entèprtèt pa ou. Si w pito itilize entèprtèt pa ou, n ap detèmine si entèprtèt la satisfè kondisyon nou yo.



Nou pran angajman pou ba ou aksè nan pwogram n ap dirije yo kèlkeswa ladrès yon moun genyen pou kominike avèk nou nan lang Angle.

Pou antrevi nan biwo, nou itilize afich entèprtèt (gade [dokiman siplemantè a](#)), ki eksplike règleman nou pou entèprtèt yo nan anpil lang epitou sa ka ede w idantifye lang pa ou.

Pou dokiman sou enfòmasyon publik ki tradwi nan plizyè lang ou ka ale nan wèbsayt plizyè lang nou nan www.socialsecurity.gov/multilanguage.

Nou ofri sèvis entèprtèt gratis pou ede w regle afè Sekirite Sosyal ou. Sèvis entèprtèt yo disponib kit se nan telefòn w ap pale avèk nou, kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal.

Rele nou gratis nan nimewo **1–800–772–1213**. Si w pale Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1 epi rete sou liy lan pou jus lè yon anplwaye reponn. L ap kontakte yon entèprtèt pou ede li avèk apèl ou a.

Si biznis ou an pa fèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo Sekirite Sosyal lokal epi n ap deziyen yon entèprtèt ki pou la nan moman vizit ou a.

Kimoun ki ka ofri sèvis entèprtèt?

Nou p ap itilize minè kòm entèprtèt pou regle afè ki konplèks oswa ki enpòtan, sof si gen prèv klè ki endike yo satisfè kondisyon yon entèprtèt ki kalifye.

Nou mande pou entèprtèt ou a se yon moun ki:

- ▼ anmezi pou li, ekri epi pale nan lang Angle san pwoblèm ak lang oswa dyalèk ou;
- ▼ dakò pou li konfòme li avèk kondisyon nou yo pou divilgasyon ak konfidansyalite enfòmasyon;
- ▼ dakò pou fè yon entèpretasyon egzat kesyon ak repons ou menm jan ak anplwaye Sekirite Sosyal k ap dirije antrevi a; sètadi, pou li pa mande pròp kesyon pa li oswa pou li pa sijere enfòmasyon oswa bay dat ou menm oswa anplwaye Sekirite Sosyal k ap dirije antrevi a pat bay;
- ▼ montre li abitye avèk tèminoloji debaz ki nan dokiman ak antrevi nou yo; epi
- ▼ pa gen enterè pèsonèl nan rezulta dosye a ki ka kreye yon konfli enterè.

Esi Sekirite Sosyal kwè entèprèt la pa kalifye?

Si nou kwè entèprèt ou a pa kalifye, n ap:

- eksplike w ke n ap ofri ou yon sèvis entèprèt gratis pou asire pa gen anyen ki fèt kont enterè ou; epi
- ofri ou pou kontinye antrevi a, men sèlman avèk asistans adisyonèl yon entèprèt Sekirite Sosyal ofri ou.

Si sèvis yon entèprèt nan telefòn ta konvnab, n ap:

- rele Sèvis Entèprèt nan Telefòn anvan nou kontinye antrevi a.

Si sèvis yon entèprèt kalifye nan biwo nesesè, n ap:

- sispann antrevi a;
- repran randevou a lè nou ka ba ou yon entèprèt ki fyab;
- note dosye a pou di rezon ki fè antrevi a te sispann; epi
- pwoteje dat klasman dosye ou si sa nesesè.

Afiche Entèprèt

Dokiman Siplemantè



(Lè w ap itilize pwen enpòtan sa yo kòm yon dokiman, tanpri enprime afich dokiman siplemantè a apa avèk pwen enpòtan yo. Afich la an fòma [pdf](#)  (647 KB), epi w ap bezwen Acrobat Reader pou ka wè li oswa pou enprime li.) 